



MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
PENILAIAN AKHIR TAHUN MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Nama Madrasah	: MI Hidayatul Mubtadiin	Hari	:	
		Dempel		
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Tanggal	:	
Kelas	: VI (Enam)	Waktu	:	90 Menit

1. Pilihlah jawaban yang benar dengan menuliskan huruf A, B, C atau D pada kolom yang disediakan !

- Karangan kang isine nggambarake sawijining objek (bisa panggonan utawa wewujudan liyane) kanthi trewaca kaya-kaya sing maca paragraph iki ngerti dhewe objek kang digambarake ana ing paragraph diarani ...
 - Dheskripsi
 - Eksposisi
 - informasi
 - narasi
- Bedane wacan dheskripsi lan wacan prosedur, yaiku ...
 - Dheskripsi njlentrehake tahapane gawe utawa nganggo samubarang, menawa prosedur nggambarake samubarang kanthi trewaca
 - Dheskripsi nggambarake samubarang kanthi trewaca, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo
 - Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
 - Dheskripsi nyritakake ngaggo urutan wektu, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
- Isine mung khayal alias ora nyata utawa mokal anane iku titikane cerita rakyat kang disebut ...
 - Anonim
 - Kolektif
 - irasional
 - Imajinatif
- Gethok tular tegese ...
 - Disebarake saka wong adol gethuk
 - Nular saka mancanagara
 - Pungkasane crita ditutup kanthi nggethok tangan
 - Disebarake kanthi cara lesan
- Crita kang ana gayutane karo dumadine sawijining panggonan diarani ...
 - Legendha
 - Sage
 - fabel
 - mitos
- Saben dhaerah iku nduweni crita rakyat dhewe-dhewe. Kayat ing jawa timur ana asal usul kutha Surabaya. Salah sawijine titikan crita rakyat yaiku kolektif kang tegese ...
 - Isine mung khayal utawa ora nyata
 - Diduweni dening kabeh masarakat

- C. Ora dimangerteni sapa sing ngarang
D. Disebarake kanthi cara lesan
7. Sing klebu unsur intrinsic crita rakyat yaiku ...
A. Alur
B. Biografi
C. Riwayat hidup panulis
D. kahanan masarakat
8. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani ...
A. Amanat
B. Tema
C. latar
D. alur
9. Pesen moral iku uga bisa sinebut ...
A. Dhuwur
B. Mujur
C. ngucur
D. luhur
10. Ing ngisor iki andharan babagan latar, kajaba ...
A. Wektu
B. Kahanan
C. papan
D. sandhangan

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 11-12.

Ing sawjining dina, putrane Raden werkudara lan Dewi Arimbi mijil. Bayi kang dilairake dening Dewi Arimbi awujud raksasa. Nganti umur setaun ari-arine jabang bayi isih nempel durung bisa puput. Putrane raden werkudara lan dewi arimbi mau diwenehi jeneng Tetuka. Nalika diwasa, dheweke ingaran Gathutkaca.

11. Gathutkaca iku putrane ...
A. Prabu pandhu dewanata
B. Prabu Tetuka
C. raden werkudara
D. Bathara Narada
12. Irah-irahan kang trep miturut wacan ing dhuwur yaiku ...
A. Raden werkudara
B. Kraton ngastinopuro
C. laire gathutkaca
D. putrane raden werkudara
13. Titikane wacan dheskripsi ing antarane, yaiku ...
A. Kadadeane nganggo urutan wektu
B. Nggambarake kadadean kanthi cetha
C. Pamaca ora bisa nggambarake
D. Isine cara gawe utawa carane nganggo barang
14. Banyu kali saka lereng gunung tiba ing papan kang luwih cendhek awujud grojogan, gembrokok unine. Ukara ing dhuwur migunakake pancadriya ...
A. Kulit
B. Mripat
C. irung
D. kuping
15. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Tembung pakaryane padha tegese karo ...
A. Pagaweyane
B. Pakulinane
C. kasenengane
D. karemenane
16. Cita kang ngrembaka ana ing satengahing masarakat diarani ...
A. Cerita rakyat
B. Cerita legendha
C. cerita cekak
D. crita sage

17. Ing ngisor iki klebu unsur intrinsik crita rakyat , kajaba ...
- | | |
|----------------|---------|
| A. Paraga | C. alur |
| B. Gaya Bahasa | D. tema |
18. Crita kang ana gegayutane karo dumadine sawijining panggonan diarani ...
- | | |
|-------------|----------|
| A. Legendha | C. sage |
| B. Mitos | D. fabel |

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 19-24.

Satriya pandhawa iku kabeh ana lima. Sing mbarep ingaran Yudhistira utawa Puntadewa. Banjur werkudara, Arjuna, Nakula, lan Sadewa. Yen saka urutan-urutanane umur, Arjuna iku anak nomer telu. Mula saka kuwi, Arjuna sinebut satriya “Panengah Pandhawa”. Diarani Pandhawa saka tembung Pandhu lan hawa kang tegese ‘anak’. Dadi cethane, pandhawa iku tegese ‘anak Pandhu’. Ing pewayangan arjuna kondhang baguse. Kajaba kuwi arjuna uga kondhang kasektene. Mula, ora nggumunake yen arjuna tandah menang ing palagan. Aji-ajiane arjuna ing antarane Palimunan, tunggengmaya, lan sepiangin. aji palimunan iku njalari arjuna bisa ngilang

19. Wacan kasebut nyritakake tokoh wayang ...
- | | |
|-----------|--------------|
| A. Janaka | C. sadewa |
| B. Nakula | D. werkudara |
20. Raden arjuna iku ingaran ...
- | | |
|-----------------------|------------------------|
| A. Ragile pandhawa | C. Panenggake pandhawa |
| B. Pambarebe pandhawa | D. Panengahe pandhawa |
21. Ajian kang marakake raden arjuna bisa ngilang yaiku ...
- | | |
|---------------|-----------------|
| A. Sepiangin | C. palimunan |
| B. Rawerontek | D. tunggengmaya |
22. Satriya pandhawa iku kabeh ana ...
- | | |
|---------|---------|
| A. Siji | C. loro |
| B. Telu | D. lima |
23. Ing ngisor iki jeneng pandhawa kanthi urutan yaiku ...
- | |
|--|
| A. Yudhistira, werkudara, arjuna, nakula, lan sadewa |
| B. Arjuna, yudhistira, werkudara, sadewa, lan nakula |
| C. Arjuna, sadewa, werkudara, nakula, lan yudhistira |
| D. Werkudara, arjuna, nakula, sadewa lan yudhistira |
24. Para wayang ing ngisor iki klebu kurawa kajaba ...
- | | |
|---------------|--------------|
| A. Durmaganti | C. sengkuni |
| B. Duryudana | D. dursasana |
25. Ing kutha malang hawane ...
- | | |
|------------------|----------|
| A. Gemrijik | C. adhem |
| B. Ijo royo-royo | D. wangi |
26. Geguritan kaperang dadi ... jinis
- | | |
|------|------|
| A. 2 | C. 4 |
| B. 3 | D. 5 |
27. Ing ngisor iki klebu titikane geguritan, kajaba ...

- A. Isine mentas
 - B. Lumrahe nganggo purwakanthi ing ukara-ukarane
 - C. Sawetara migunakake tembung-tembung kawi
 - D. Migunakake basa baku
28. Supaya mangerteni isine geguritan, sing pisanan dilakokake yaiku ...
- A. Negesi tembung angel
 - B. Negesi saben larik
 - C. Nggoleki purwakanthi basa
 - D. Nggatekake panganggite
29. Ing ngisor iki klebu carane maca endah geguritan kajaba ...
- A. Wirama
 - C. wirata
 - B. Wirasa
 - D. wiraga
30. Kahanan ati sajrone geguritan kayata sedhah, susah, bungah, nelangsa lan sapiturute diarani ...
- A. Wirama
 - C. wirasa
 - B. Winasis
 - D. wisesa
31. Ing ngisor iki patrap sing bener nalika maca geguritan yaiku ...
- A. Awak jejeg luwes lan ora katon kaya kaku lan digawe-gawe
 - B. Awak bungkok
 - C. Pocapan kudu jelas tegas lan ora bindheng
 - D. Tangane ndhaplang
32. “Girang gumuyu para tani”
- Kosok baline tembung girang, yaiku ...
- A. Seneng
 - C. bagya
 - B. Bungah
 - D. sedhah
33. Yen isine geguritan iku sedhah, polatane sing maca kudu ...
- A. Katon bungah supaya sing ngrungokake melu bungah
 - B. Katon seneng supaya ngrungokake melu seneng
 - C. Katon sedhah supaya sing ngrungokake melu sedhah
 - D. Katon semangat supaya sing ngrungokake melu semangat

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 34-35.

Jumat asri

Resik lan sehat
 Cancut tali wanda
 Nandur kabecikan
 Cilik gedhe bagus ayu
 Ora mung padha gumuyu
 Ora tinggal glanggang colong playu
 Tumuju adiwiyata murih rahayu
 Crah agawe bubrah
 Rukun agawe santosa
 Guyub rukun kaya sapu sada

34. Irah-irahan kang trep kanggo geguritan ing dhuwur yaiku ...
- A. Guyub rukun
B. Sapu sada
C. jumat asri
D. adiwiyata Murih Rahayu
35. Piwulang sing bisa kok jupuk saka geguritan ing dhuwur yaiku ...
- A. Kudu gotong royong ing bebrayan
B. Manungsa ing Donya bisa urip dhewe, ora prelu liyan
C. Crah karo tangga teparo perkara lumrah
D. Resik-resik iku dudu kuwajiban manungsa
36. Geguritan asale saka tembung ...
- A. Rattan
B. Gurit
C. ritan
D. gegu
37. Kelap-kelip kae cahyane
Metu nyenengake ati lan kadhang
Kala medeni
Kewan iki ana sunare
Cilik tur endah nalika miber
- Pethilan geguritan ing dhuwur nggambarake kewan ...
- A. Cegok
B. Konang
C. Kupu-kupu
D. Parkit

Teks geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 38-42.

Asrine Wana

Adoh saka ramene janma
Ana wana sing katon amba
Ijo royo-royo sedhep disawang netra
Sisa-sisa kaendahan Donya

Swara kewan-kewan saut-sautan
Manuk lan munyuk dolanan ing wit-witan
Ing tengah wana dilewati kali
Banyune mili nentremke ati

Muga-muga iki wana tansah ana
Nganti Donya nemoni pungkasan
Aja nganti iki wana malah sirna
Amarga dipangan majune jaman

38. Papan panggonan ing geguritan kasebut yaiku ...
- A. Kebon
B. Sawah
C. Taman
D. Alas
39. Adoh saka ramene janma.
Janma tegese ...

- A. Manungsa
B. Kutha
C. Desa
D. Segara
40. Wana kang digambarake ana ing geguritan iku katon ...
A. Asri
B. Bubrah
C. crah
D. gundhul
41. Kewan sing dolanan ana ing geguritan kasebut yaiku ...
A. Macan lan singa
B. Manuk lan munyuk
C. sura lan baya
D. jingklong lan temangga
42. Aja nganti wana iki malah sirna
Amarga dipangan majune jaman
Tegese dipangan majune jaman, yaiku ...
A. Digundhuli dingo pembangunan
B. Lumuten nganti wit-witane lapuk kabeh
C. Mati amarga paceklik dawa
D. Wit-witane ambruk kena angin lesus
43. Kang ora klebu jinis crita rakyat yaiku ...
A. Legendha
B. Mitos
C. narasi
D. fabel
44. Wayah esuk ing Kawasan gunung bromo endah banget. Ing sisih wetan sumamburat abang.
Ukara kasebut migunakake panggambaran lumantar pancadriya ...
A. Mripat
B. Irung
C. kuping
D. kulit
45. Geguritan iku klebu karya sastra sing asale saka ...
A. Kalimantan
B. Sumatra
C. Jawa
D. Papua



46. 
Aksara ing dhuwur iku diwaca ...
A. Haja dumo
B. Haja demok
C. Aja dumeh
D. Aja delok

47. **ꦭꦤꦤꦏꦸꦲꦤ**

Aksara ing dhuwur iku diwaca ...

A. Wajan ireng

C. wajik ireng

B. Mangan wajik

D. mangan roti

48. Aksara kasebut diwaca ...

A. Sandal telu

B. Samar tetulung

C. Seneng tetulung

D. Sebel tetulung

ꦱꦺꦧꦺꦠꦺꦠꦸꦭꦁ

49. Tembung rujak nanas yen ditulis aksara jawa dadi ...

A. . **ꦱꦺꦧꦺꦠꦺꦠꦸꦭꦁ**

B. . **ꦭꦤꦤꦏꦸꦲꦤ**

C. . **ꦫꦸꦗꦏꦤꦤꦱ**

D. . **ꦫꦸꦗꦏꦤꦤꦱꦺꦴꦏꦺꦴꦥꦺꦴ**

50. “anak polah yen ditulis nganggo aksara jawa dadi ...

A. **ꦲꦤꦏꦺꦴꦥꦺꦴꦥꦺꦴ**

B. . **ꦫꦸꦗꦏꦤꦤꦱ**

C. . **ꦱꦺꦧꦺꦠꦺꦠꦸꦭꦁ**

D. **ꦭꦤꦤꦏꦸꦲꦤ**